

# Konpoze 311 ak 911

(Èske Ou Konnen Kilè pou ou Itilize Yo?)

## Rele 911...

- Lè ou nan danje touswit oswa lè ou temwen yon krim k ap komèt
- Pou yon blesi oswa pwoblèm medikal grav
- PIGA rele 911 pou sitiasyon ki pa ijans oswa pou rapòte yon pàn kouran (kite liy telefòn yo lib pou apèl pou ijans yo).

## Rele 311...

Lè ou bezwen sèvis ak enfòmasyon ki pa ijans, tankou sa ki annapre la yo:

- Pwogram pou lekòl ak apre lekòl
- Enfòmasyon sou otobis lekòl
- Pisn publik nan vil la ak lè yo fonksòne
- Aktivite volontè nan katye ou
- Fason pou pwoteje bêt kay yo nan yon ijans (mande "Ready New York pou Bèt kay")
- Sèvis sante ak konsèy pou manm fanmi yo

Ou ka jwenn yon operatè andirèk nan 311 24 èdтан pa jou. Gen entèprèt disponib pou 170 lang.

## PIGA rele 311 pou ijans yo.

## Plan Dijans pou Kay

Nimewo Telefòn Zanmi/Fanmi ki Byen Iwen:

Lòt Enfòmasyon Enpòtan:

matematik la:  
jwèt pasysans Matematik:  
New York, New York  
repons  
4 3 0  
3 2 1  
2 0 2

## Jwèt pasysans Matematik: New York, New York

Nan jwèt kastèt matematik ki anba a, sèvi ak chif entelijans ou pou ranpli chif ki manke yo. Adisyon chif yo nan chak ranje bay total ki sou bò dwat la. Adisyon chif yo nan chak kolon bay total ki sou anba a. Sèvi ak chif ant 0 ak 9 pou rezoud jwèt kastèt la.

Lè ou fin fè jwèt kastèt la, matche chif ki nan chak kare kolore pou fe lekti kèk enfòmasyon enteresan sou New York!

### Reyalite sou New York

7 Nan Vil New York, kantite nèj ki tombe an mwayèn nan mwa janvye se 7 pou. Yo rele Setyèm Avenue nan Manhattan tou Fashion Avenue.

6 So Vil New York la (ki endike sou drapo ofisyèl vil la, epi ki endike sou po dèyè gid sa a) gen 6 pati ladan: boukliye a, moun yo, ane vil la te pran nesans, èg Ameriken an, non so a an Latin, ak yon branch fèy (yo rele Lorye).

4 Eleksyon Majistra a fèt chak 4 ane, epi li dirije branch egzekitif Vil New York la. Majistra a travay nan Lameri (City Hall).


9 Broadway, ki kòmanse nan Lower Manhattan nan Bowling Green epi ki fini nan Albany, se youn nan lari ki pi long nan lemond ki gen longè 150 mil (241 kilomèt). Non ofisyèl lari a se Highway 9.

5 Gen 5 minisipalite nan Vil New York.

3 Dispozisyon lari nan Manhattan gen ladan sitou avni ak ri. Espas ki genyen ant avni yo apeprè 3 fwa pi gwo pase espas ki genyen ant ri yo.

## New York Se yon Gwo Kote pou Rete!

Kolore imaj Brooklyn Bridge sa a.



## Ede Toutou Planifye pou yon Ijans!

Piske kounye a ou te fè yon Plan Dijans pou Kay ou, fè yon plan pou bêt kay ou tou! Swiv labirent sou bò dwat la epi pran omwen 4 atik bêt kay ou ta ka bezwen piske ou pral kite kay la.

Pou jwenn kopí anplis gid sa a oswa pou mande gid sa a nan lòt lang, rete 311 oswa ale nan NYC.gov/readyny.

NYC Ready  
NYC Emergency Management  
NYC Department of Education

Edisyon 2020


# Ann Prepare, New York!

## Li Entelijan pou Ou Prepare pou Bagay Sanzatann

## Dekouvri kijan pou:

- **Prepare ou** pou ijans yo
- **Prepare ou** epi konnen kisa pou ou fè
- **Prepare Pou Deplase** si ou oblige fè yon koutje anandan!

Liv istwa Ready New York pou Timoun sa a se Pwopriyete:  
Fini



Kidonk, annou pare, New York. Se bagay entelijan ak san danje pou fè!  
Pou konnen plis, vire paj la!

## Ann Prepare, New York!

Liv sa a ka ede ou kòmanse planifye pou yon ijans nan katye ou oswa nan vil la.  
New York ap prepare tèt li...kounye a vire paj yo pou jwenn kijan ou ka prepare oumenm tou!

# Ann Prepare!

Kit ou abite nan Staten Island, Brooklyn, Queens, Bronx, oswa Manhattan, li toujou pi bon pou ou entelijan ak an sekirite. Èske ou prepare pou yon ijans? Èske fanmi ou gen yon plan? Èske ou konnen kisa plan lekòl ou ye? Fè lekti powèm ki anba a pou wè kijan kèk timoun ap prepare nan tout senk minisipalite yo. Lè ou fin fè pwòp plan fanmi ou, lè sa ou pral pare, kèlkeswa sa ki gendwa rive! Lè ou fin fè lekti powèm lan, gade nan kat jewografik la epi mete yon etwal sou kote kay ou ak lekòl ou ye.

## 1 Prepare Ou: Fè yon Plan

Moman rive pou nou **fè yon plan**  
Pou sizoka nou pa ansanm  
Yon plan pou **kote nou pral rankontre moun nou renmen yo**  
Nan nespòt kalite tan

**Nimewo telefòn yo** se bagay n ap bezwen  
N ap bezwen **rasanble de**  
Youn pou yon moun ki toupre **lakay nou**  
Youn pou yon moun **ki iwen nou**

N ap **fè antrènman plan nou an**  
pou nou byen asire  
Nou konnen egzakteman **kisa nou dwe fè**  
Nou pral pale sou etap n ap pran  
Epi **ekri yo tout** tou



## 2 Òganize ou: Prepare Lakay ou

Pou **òganize ou pou ou rete lakay ou**  
Pou yon oswa plizyè jou  
Ou pral bezwen yon **Kit pou Rete nan Kay Ou**  
Sa **entelijan** nan anpil fason  
Yon **flach** pou klere lannwit  
Son **siflèt** itil  
**Manje nan bwat ak dlo nan boutèy**  
Yo tout kapab jwenn byen senp

Avèk twous nan men ak pare  
**Nan yon sèl kote** epi se pa nan twa kote  
Fanmi nou ka **an sekirite nan kay la**  
**Pare** nan yon ijans

Moman rive pou nou **fè yon plan**  
Kèlkeswa kote nou ye a  
Pou kote nou **pral rankontre deyò kay la**  
Yon kote ki **toupre**, yon ki **iwen**

Lè nou **prepare** avèk yon plan  
Nou konnen nou pral  
Santi nou **pi an sekirite ak prepare**  
**Pare** nan yon ijans

Men pafwa fanmi yo **oblje deplase**  
Epi **kite kay yo** pou yon ti tan  
Lè bagay yo rive sitèlman **toudenkou**  
Yon moun dwe fè yon efè siplémente

Yon **Valiz pou Deplasman**, tout chaje avèk swen Ap ede **fasilité bagay yo**  
Epi pote bagay nou **bezwen ak renmen**  
Pou pase jounen an

Kèk **manje ak bwason** pou nou tout  
Yon **kat jewografik ak flach** pou ede nou wè  
Anbale **yon liv preferé ak yon radyo**  
**(Pa blyie batri yo!)**

## 3 Prepare Pou Deplase: Òganize yon Valiz

Men pafwa fanmi yo **oblje deplase**  
Epi **kite kay yo** pou yon ti tan  
Lè bagay yo rive sitèlman **toudenkou**  
Yon moun dwe fè yon efè siplémente

Yon **Valiz pou Deplasman**, tout chaje avèk swen Ap ede **fasilité bagay yo**  
Epi pote bagay nou **bezwen ak renmen**  
Pou pase jounen an

Kèk **manje ak bwason** pou nou tout  
Yon **kat jewografik ak flach** pou ede nou wè  
Anbale **yon liv preferé ak yon radyo**  
**(Pa blyie batri yo!)**

# Paj Fanmi Detachab

(pou paran yo ak gadyen yo) Swiv etap k ap vini yo pou ede oumen ak fanmi ou rete an sekirite nan yon ijans.

## 1 Prepare Ou: Fè yon Plan

Chak lekòl gen yon plan sizoka gen yon ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Plan Sekirite Lekòl yo, mande lekòl timoun ou an Gid Paran an.

Chita avèk fanmi ou pou kreye yon plan sou fason pou jere yon ijans. Si fanmi yo rete an kontak yon ak lòt, tout moun ka jere pi byen nan yon ijans.

O Fè yon lis nimewo telefòn pou chak moun ki nan rezò fanmi ou ak kote yo pase tan yo (nan travay, lekòl, elatriye). Mete pitit gason ou (yo) oswa pitit fi ou (yo); mari oswa madam; lekòl timoun ou an (oswa timoun ou yo); elatriye.

O Pou konekte avèk fanmi ou, planifye pou rankontre nan yon kote byen presi. Ekri non ak anplasman lye reynyon ou an.

O Si youn pa kapab jwenn lòt nan fanmi an, planifye pou rele yon moun ou konnen ki abite byen iwen. Ekri non moun lan ak nimewo telefòn li. Bay moun ki "byen iwen" ou an yon kopi Plan Dijans ou an. Asire ou li dakò pou li sèvi kòm sant komunikasyon ou.

O Ranpli kat Plan Dijans ki sou bò dwat la. Fè yon kopi kat la Plan Fanmi ou an pou chak moun ki nan plan ou an.

O Twous anplis kle machin ak kle kay

O Kopi kat kredi ak kat ATM ak lajan kach nan ti biyè

O Dlo nan boutèy ak manje ki p ap gate tankou manje ki bay enèji oswa ba granola

O Pat dantifris, bwòs dan, ti sèvèt mouye pou netwayaj, atik swen pou timoun, etsetera

O Flach

O Radyo AM/FM ki fonksyone avèk pil ak pil rezèv

O Ekri lis medikaman chak moun nan kay ou pran

O Twous premye swen

O Nimewo telefòn ak enfòmasyon sou kote pou moun nan kay ou rankontre

O Ti kat jeyografik zòn Vil New York

Depi ou fin ranpli li, teste Valiz pou Deplasman ou pou asire ou ka pote I fasil.

## Plan Dijans pou Kay

Non Ou:

Non Paran/Gadyen:

Nimewo Telefòn Paran/Gadyen:

Kote pou Fanmi an Rankontre:

